**दिन– बुधवार** **दिनांक–01.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार डाई अमोनियम फॉस्फेट, डीएपी खाद पर अतिरिक्त सब्सिडी देबाक निर्णय कयलक अछि। केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसक के बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे सरकार डीएपी के लेल तीन हजार आठ सय पचास करोड टाका के वन टाईम स्पेशल सब्सिडी पैकेज के मंजूरी देलक अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकारक एहि निर्णय सँ किसान लोकनिक लेल डीएपी के मूल्य यथावत बनल रहत। किसान लोकनि के पचास किलो डीएपी खादक बोरा वर्तमान बजार मूल्य पर मात्र एक हजार तीन सय पचास टाका मे भेटत। श्री वैष्णव जनौलनि जे मंत्रिमंडल प्रधानमंत्री फसल बीमा योजना आ पुर्नगठित मौसम आधारित फसल बीमा योजना के जारी राखबाक निर्णय कयलक अछि। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे एहि योजना के अंतर्गत बीमित किसान लोकनि मे अठासी प्रतिशत छोट आ सीमांत किसान छथि आ एहि मे संतावन प्रतिशत किसान आन पछिड़ा वर्ग, अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति सँ अबैत छथि।

---

नव नियुक्त राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान काल्हि बिहारक नव राज्यपालक रूप मे शपथ ग्रहण करताह। राजभवन मे आयोजित कार्यक्रम मे पटना उच्च न्यायालय के मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चंद्रन हुनका पद आ गोपनियता के शपथ दियौताह। एम्हर आइ नव नियुक्त राज्यपाल श्री खान राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी सँ हुनक आवास पर भेट कयलनि।

---

रेलवे के नव समय सारणी आइ सँ प्रभावी भऽ गेल अछि। दू हजार आठ सय पचहत्तरि यात्री ट्रेन सभक नंबर मे बदलाव कयल गेल अछि। एकर अलावे कतेको ट्रेनक स्टेशन सँ चलव आ गंतव्य स्टेशन धरि पहुंचबाक समय मे सेहो परिवर्तन कयल गेल अछि। नव समय सारणी के अनुसार आइ सँ डिब्रुगढ़, राजधानी एक्सप्रेस, पाटलिपुत्रा स्टेशन सँ सांझ

चारि बाजि कऽ पंद्रह मिनट के बदला चारि बाजि कऽ पांच मिनट पर विदा होयत। अहिना आनंद बिहार–जनशताब्दी एक्सप्रेस ट्रेन दानापुर स्टेशन सँ अपराह्न चारि बजे के स्थान पर तीन बाजि कऽ पचास मिनट पर प्रस्थान करत। एम्हर रेलवे यात्री सभक सुविधा के देखैत पंद्रह जोड़ी स्पेशल ट्रेनक परिचालन अवधि एकतीस जनवरी धरि बढ़ा देलक अछि। एहि मे दानापुर–सहरसा, सहरसा–पूर्णियां, मोकामा–किउल, पाटलिपुत्रा–गया आ पटना–थाबे स्पेशल ट्रेन सम्मिलित अछि।

---

राज्य सरकार बिहार राज्य धार्मिक न्यास पर्षद के भंग कऽ देलक अछि। नव पर्षद के गठन धरि सचिव सह विधि परामर्शी के बिहार हिन्दू धार्मिक न्यास अधिनियमक प्रावधान के अंतर्गत पर्षदक प्रशासक नियुक्त कयल गेल अछि। विदित अछि जे पर्षद आ एकर अध्यक्ष वैधानिक कर्तव्यक समूचित निर्वाह नहि कऽ रहल छलाह। एहि कारण सरकार पर्षद के विघटित कऽ देलक अछि।

---

नव वर्षक आइ शुरू हेबाक पहिल दिन राज्य भरि मे उत्साहक वातावरण अछि। लोकसभ नव संकल्पक संग नव वर्षक शुरूआत कऽ रहल छथि। वर्ष दू हजार पच्चीसक स्वागत करबाक लेल विभिन्न ऐतिहासिक आ महत्वपूर्ण स्थल के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। दरभंगा जिलाक श्यामा माई मंदिर सहित प्रदेशक प्रमुख मंदिर, मस्जिद, गुरूद्वारा आ गिरजाघर मे लोक सभ सुख–शांति आ समृद्धिक लेल प्रार्थना कयलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के नव वर्ष पर शुभकामना देलनि अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यावद सहित राज्य मंत्रिमंडलक सदस्य लोकनि सेहो प्रदेशवासी लोकनि के नव वर्षक शुभकामना देलनि अछि।

---

सर्द पछुआ हवा के प्रभाव सँ प्रदेश भरि के उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार एखन राज्यक औसत उच्चतम तापमान सोलह सँ अठारह डिग्री सेल्सियस आ औसत न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे सात डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग

मोतिहारी राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान तापमान मे आओर कमी हेबाक संभावना अछि। ओकर बाद न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस के वृद्धि हेबाक संभावना अछि।

——————————————————————

रोहतास जिलाक सूर्यपूरा थाना क्षेत्र अंतर्गत बक्सर लाईन बड़ी नहर मे खसि गेला सँ मोटरसाईकिल सवार तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। तीनू गोटे एकहि परिवारक छलाह। एम्हर, मुंगेर जिलाक गंगटा थाना क्षेत्र स्थित पेट्रोल पंप के लऽग दू ट्रक के मध्य दबि गेला सँ एक गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। दोसर दिस मधुबनी नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत मस्जिद चौक के लऽग एक अनियंत्रित कारक चपेट मे अयला सँ एक बच्च के मृत्यु भऽ गेल। एम्हर राज्यक मद्य निषेध मंत्री रत्नेश सादा के हुनक पैतृक गाम सरहसा जिला बलिया सिमर मे एक ऑटो रिक्शा के टक्कर मारि देलक जाहि मे ओ घायल भऽ गेलाह। एहि हादसा मे हुनक तीन अंगरक्षक के सेहो चोट लगल अछि।

——————————————————————

समाप्त